

LWA VIL NEW YORK SOU KONJE MALADI PEYE REPONS POU KESYON PATWON YO



NYC
WORKS
PI BON
avèk
KONJE MALADI
PEYE



DEPATMAN AFÈ KONSOMATÈ [DEPARTMENT OF CONSUMER AFFAIRS (DCA)] RANFÒSE LWA VIL NEW YORK SOU KONJE MALADI PEYE (PAID SICK LEAVE LAW).

Dapre Lwa a:

- Si ou se yon patwon ki fè pwofi oswa yon patwon ki pa fè pwofi epi ki gen senk (5) anplwaye oswa plis, ou dwe bay konje maladi peye. Si ou gen kat (4) anplwaye oswa mwens, ou dwe bay konje maladi tou, men ou pa gen obligasyon pou peye konje maladi a.
- Ou dwe bay chak anplwaye Avi obligatwa konsènan Dwa Anplwaye (Notice of Employee Rights) nan lang Anglèepi, si li disponib sou sitwèb ou, nan lang natifnatal anplwaye a.

Paske Lwa a te anvigè depi 1ye avril 2014, DCA te travay avèk biznis yo pou reponn kesyon yo epitou pou fè medyasyon sou plent yo. Gid sa a bay repons pou kesyon patwon yo poze pi souvan pou ede ou konprann Lwa a.

K. KILÈS NAN ANPLWAYÈ MWEN YO KI PWOTEJE ANBA LWA SOU KONJE MALADI PEYE?

R. Lwa sou Konje Maladi Peye pwoteje pifò anplwaye k ap travay nan Vil New York. *Menmsi biznis ou deyò Vil New York, ou dwe bay konje maladi pou anplwaye ki travay plis pase 80 èdtan chak ane almannak nan Vil New York.* Lwa a pwoteje travayè ki nan pwogram travay atanplen, pwogram travay atan-pasyèl, pwogram travay pou yon ti tan, pwogram travay pèdyèm, ak travayè ki pa gen papye imigrasyon. Li pwoteje tou travayè k ap viv deyò Vil New York men ki travay nan Vil New York. Moun k ap fè livrezon oswa ranmasaj nan Vil New York se moun yo konsidere k ap fè travay nan Vil New York.

Si ou pa byen konnen si anplwaye yo pwoteje nan yon akò negosyasyon ant patwon ak travayè, kontakte sendika a. Epitou ale sou sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave pou jwenn lòt FAQ, ki konsène akò negosyasyon ant patwon ak travayè.

KONSÈY

Ou dwe peye pou konje maladi anvan pwochen peryòd pewòl regilye a apre anplwaye a te itilize konje maladi a, sof si ou te mande dokiman epi ou pa t resevwa dokiman yo.



K. KONBYEN KONJE MALADI MWEN DWE BAY ANPLWAYE MWEN YO CHAK ANE?

- R.** Ou fèt pou bay anplwaye yo apeprè 40 èdtan konje maladi chak ane. Anplwaye yo dwe touche oswa akimile, omwen inèdtan konje maladi pou chak 30 èdtan yo travay, jiska 40 èdtan konje maladi chak ane. Ritm akimilasyon an ak kantite konje maladi a se menm pou tout anplwaye, tankou anplwaye ki travay atanplen ak anplwaye ki travay atan-pasyèl. Ou kapab transfere apeprè 40 èdtan konje maladi ou pa itilize sou pwochen ane almannak la. Previzyon konje maladi kapab fasilite kontwòl akimilasyon konje maladi anplwaye ou yo. Si ou chwazi metòd sa a, asire omwen 40 èdtan disponib pou chak anplwaye nan premye jou chak ane almannak.



KONSÈY

Si ou anplwaye yon travayè domestik ki travay pandan plis pase yon ane, ou dwe bay travayè sa a konje maladi peye. Travayè domestik yo resevwa jiska de (2) jou konje maladi peye chak ane. Konje sa a se yon diplis sou twa (3) jou repo peye travayè yo gen dwa pou resevwa dapre Lwa Travay Eta New York.

K. ANPLWAYE MWEN TE PRAN KONJE PASKE LI TE MALAD MEN LI PA GEN YON NÒT DOKTÈ. ÈSKE MWEN KA EGZIJE YOUN?

- R.** Ou *pa kapab* egziye anplwaye a pou li bay dokiman yon pwofesyonèl swen sante lisansye jouk lè anplwaye a itilize plis pase twa (3) jou travay youn-apre-lòt kòm konje maladi. Si ou egziye dokiman yon pwofesyonèl swen sante jan Lwa a ba ou pèmasyon pou sa, ou pa ka egziye dokiman pou presize kalite maladi oswa pwoblèm medikal anplwaye a. Anplwaye a gen yon minimòm sèt (7) jou apre li retounen nan travay pou li ba ou dokiman yo.

Ou *kapab* egziye anplwaye a pou li ba ou yon deklarasyon siyen ki endike li te absan pou yon rezon otorize dapre Lwa a. Ale sou sitwèb **nyc.gov/PaidSickLeave** pou jwenn yon modèl fòm ou kapab bay anplwaye yo.

K. KONBYEN PREYAVI MWEN KA EGZIJE SI YON ANPLWAYE BEZWEN PRAN YON JOU KONJE MALADI? ÈSKE MWEN KA JANM BAY REFI POU YON DEMANN?

R. Si yon anplwaye konnen davans li pral bezwen pran konje maladi, ou kapab egzije jiska sèt (7) jou anvan preyavi a, depi ou gen règleman ekri ou bay pou anplwaye yo ki gen egzijans sa a ladan. Si yon anplwaye pa kapab prevwa bezwen pou konje maladi li, ou kapab egzije yon anplwaye a pou li bay preyavi a imedyatman li kapab. Yon fwa ankò, ou dwe gen règleman ekri sou konje maladi ki gen egzijans sa a ladan. Si yon anplwaye pa konfòme li avèk règleman ekri konsènan preyavi ou te distribiye a, ou kapab bay li refi pou itilize konje maladi a depi avi ki obligatwa anba sikonstans yo te rezonab.

Gid konsènan règleman pou konje maladi ak modèl fòm yo disponib sou sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave.



KONSÈY Ou pa ka egzije yon anplwaye pou li divilge okenn enfòmasyon sou sante pèsonèl li. Ou dwe konsève enfòmasyon sou yon anplwaye oswa enfòmasyon sou manm fanmi yon anplwaye akòz Lwa konfidansyèl sa a sof si anplwaye a bay ou pèmasyon pou divilge enfòmasyon li yo oswa si lalwa egzije divilgasyon enfòmasyon yo.



KONSÈY

DCA kreye yon zouti ki fasil pou itilize pou ede ou kontwole kantite èdtan anplwaye yo travay ak kantite konje maladi yo te itilize epitou pou kalkile akimilasyon yo otomatikman ak transfè konje maladi nan fen ane a. Telechaje Zouti Kontaj Konje Maladi nan sitwèb nou.

K. MWEN BAY JOU VAKANS YO DEJA. ÈSKE SA KONTE?

R. Pou konfòme ou avèk Lwa sou Konje Maladi Peye, si ou bay anplwaye ou yo vakans oswa konje pèsonèl, ou pa bezwen bay yo tan siplemantè pou konje maladi, depi règleman ou yo satisfè egzijans minimòm Lwa a epitou depi yo pa enpoze okenn lòt restriksyon sou itilizasyon konje maladi a. Sa vle anplwaye ou resevwa konje maladi li genyen deja nan menm ritm lan epitou li kapab itilize konje a pou menm rezon ki otorize yo, tankou pou swen ak tretman tout manm fanmi ki defini anba Lwa a.

Si yon anplwaye te deja akimile konje a anba yon règleman konje ki pa t nan la anvan dat Lwa sou Konje Maladi Peye a te anvigè, akimilasyon sa yo ka toujou depannde egzijans Lwa Eta New York sou Travay (New York State Labor Law) § 198-c konsènan avantaj ak sipleman salè. Pou jwenn lòt oryantasyon konsènan règleman konje anba Lwa Eta New York sou Travay, kontakte Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor), Divizyon Kondisyon Travay (Division of Labor Standards).

K. ÈSKE MWEN KAPAB DISIPLINE YON ANPLWAYE KI MAL ITILIZE KONJE MALADI A?

R. Wi, men sèlman si yon anplwaye itilize konje maladi a pou yon rezon ki diferan avèk sa ki endike nan Lwa a.



KONSÈY Menmsi règleman ou sou konje a satisfè egzijans Lwa sou Konje Maladi Peye, ou toujou gen obligasyon pou bay anplwaye yo Avi obligatwa konsènan Dwa Anplwaye. Ou kapab bay avi a pou chak anplwaye yo apa, ansanm ak dokiman pou nouvo anplwaye yo, oswa nan sèvis regilye lapòs oswa nan imèl. Konsèvasyon kopi siyen avi a oswa resi imèl yo se yon bon fason pou gen dokiman ki montre ou te bay anplwaye yo avi ki obligatwa a.

K. KI SIY POSIB POU MOVE ITILIZASYON KONJE MALADI?

R. Si gen endikasyon ki montre anplwaye a te itilize konje maladi pou rezon ki pa sa ki dekri nan Lwa a, tankou, men pa sèlman:

- Si anplwaye kontinye itilize konje maladi ki pa pwograme nan wikenn oswa nan jou ki toupre wikenn, konje ki pwograme souvan, jou ferye, vakans, oswa jou peman
- Si anplwaye a pran konje nan jou lè li te jwenn refi pou lòt jou pou li pran konje
- Si anplwaye a gen abitud pran konje nan jou lè anplwaye a pwograme pou li travay nan yon orè travay oswa pou li fè travay li panse ki endezirab pou li

Prèy ki montre yon anplwaye angaje nan yon aktivite ki pa annamoni avèk anplwaye ki malad oswa avèk anplwaye ki itilize konje maladi pou yon randevou medikal prevantif ka endike move itilizasyon konje maladi tou.

LWA A PA DAKÒ POU FÈ VANJANS NI POU FOURE BOUCH NAN ZAFÈ ANPLWAYE YO.

Li ilegal pou fure bouch ou nan ankèt yo oswa pou fè vanjans kont anplwaye ki egzèse dwa yo anba Lwa sou Konje Maladi Peye. Si DCA detèmine ou te fè vanjans kont yon anplwaye, ou ka responsab non sèlman pou salè ak avantaj pou peye anplwaye a ak amann pou peye DCA, men tou ou ka gen obligasyon pou fè sèten aksyon, tankou re-anboche yon anplwaye ou te revoke yon fason ilegal.

OU GEN KESYON?

Ou kapab kontakte DCA nan fason sa yo:

- Ale sou sitwèb **nyc.gov/PaidSickLeave**. Ou kapab jwenn Avi obligatwa konsènan Dwa Anplwaye ak yon fèy enfòmasyon pou patwon yo nan 26 lang, Lwa ak Règ konsènan Konje Maladi Peye, epitou pou konnen evènman k ap fèt pou patwon yo.
- Vizite nou nan adrès 42 Broadway, 11yèm Etaj, nan Manhattan.
- **Rele 311** epi mande pou yo transfere ou ba DCA pou jwenn enfòmasyon sou patwon ki peye konje maladi.
- Imèl nou nan **paidsickleave@dca.nyc.gov**. Pou avantaj ou, nou kapab “live chat” (kominike andirèk) avèk ou nan òdinatè sou sitwèb **nyc.gov/BusinessToolbox**.



Bill de Blasio
Mayor

Consumer Affairs

Lorelei Salas
Commissioner



@NYCDCA #PAIDSICKLEAVE



Printed on 30%
post consumer
recycled paper

07/2016